



Pou Piblikasyon Imedya: 21/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DELEGASYON KONGRESYONÈL NEW YORK LAN ANDOSE KALANDRIYE POU FANM YO KE GOUVÈNÈ CUOMO GENYEN POU NEW YORK

Tout 18 Manm Demokrat ki nan Palman yo Ap Andose Seri Pwopozisyon Enteresan Gouvènè an pou Kreye Opòtinite pou Tout Fanm New York yo

Pwopozisyon yo Ap Amelyore Chak Domèn nan Lavi Fanm yo: Sante, Sekirite, Espas travay, Fi yo ak Fanmi yo - Li Kalandriye an [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke tout 18 manm nan Delegasyon Palmantè Demokratik Eta New York lan yo te andose Kalandriye Opòtinite pou Fanm yo (Women's Opportunity Agenda) an 2018 ke li genyen an: yon seri pwopozisyon pou amelyore chak domèn nan lavi fanm yo: sante, sekirite, espas travay, lavi fi yo ak fanmi yo. Ou kapab enfòme plis sou kalandriye a [la a](#).

“Lè fanm yo reyisi, New York reyisi, epi mwen fyè poutèt mwen gen sipò lidè kongresyonèl sa yo pandan ke n’ap travay pou kreye opòtinite pou fanm New York yo nan tout domèn ki nan lavi yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Kalandriye Opòtinite pou Fanm yo se yon seri pwopozisyon ki pral ajoute sou rekò fyè nou ke New York genyen nan fè vanse egalite, epi asire ke nou ap kontinye fè dwa fanm yo ale devan, pa fè bak.”

“Antan ke yon ansyen manm Delegasyon Kongresyonèl New York lan, mwen fyè dèske nou pran devan nan konstwi yon sosyete kote egalite sèks yo se pa yon vizyon, men yon realite”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare**. “Pliske nou gen sipò manm nou yo ki nan Kongrè a sa se yon prèv inite ak angajman nou nan di, Se Fini.”

Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), te deklare, “New York ap pran mezi desizif pou fè vanse dwa fanm yo atravè eta nou an, epi sipò kongresyonèl ekstrapòdinè sa se prèv pozitif ke vizyon opòtinite egal ego pou tout moun ke Gouvènè Cuomo genyen an li se yon modèl pou rès nasyon an. Lè li priyore politik eta a ki ap sipòte rèv pi jèn fi nou yo, Kalandriye Opòtinite pou Fanm yo ke Gouvènè an genyen an li pral ranfòse dwa fanm tout laj yo, epi bay resous ki nesèsè pou pwochèn jenerasyon lidè yo kapab devlope epi grandi nan Eta New York”.

Sipòtè Kongresyonèl pou Kanpay Kalandriye pou Fanm yo:

- Manm Kongrè Louise Slaughter
- Manm Kongrè Eliot Engel
- Manm Kongrè Nita M. Lowey
- Manm Kongrè José E. Serrano
- Manm Kongrè Jerrold Nadler
- Manm Kongrè Carolyn B. Maloney
- Manm Kongrè Nydia M. Velázquez
- Manm Kongrè Gregory W. Meeks
- Manm Kongrè Joe Crowley
- Manm Kongrè Brian Higgins
- Manm Kongrè Yvette D. Clarke
- Manm Kongrè Paul Tonko
- Manm Kongrè Hakeem Jeffries
- Manm Kongrè Sean Patrick Maloney
- Manm Kongrè Grace Meng
- Manm Kongrè Kathleen Rice
- Manm Kongrè Adriano Espaillat
- Manm Kongrè Thomas Suozzi

New York gen yon eritaj ki fyè epi ki la depi lontan nan pran devan pou fè vanse dwa fanm yo. Gouvènè Cuomo konenen ke lè fanm yo reyisi, New York reyisi, epi li te fè akonplisman istorik nan fè vanse egalite fanm yo. Gen plizyè règleman ak lwa Gouvènè Cuomo te deja mete sou pye pou pouse egalite ak opòtinite pou fanm; yo pral antre ann aplikasyon nan ane 2018, e sa gen ladan Konje Peye pou Lafanmi, yon salè minimòm ki pi wo, ak règleman pou pwoteje dwa pou jwenn kontrasepsyon, kèlkeswa sa ki rive onivo federal. Ane sa, New York pral ajoute sou pwogrè sa. Kalandriye Fanm yo pou New York: Dwa Egal Ego, Opòtinite Egal Ego, li gen ladan pwopozisyon enteresan sa yo:

Sante

- Adopte Lwa sou Kouvèti Kontraseptif Konplè an (Comprehensive Contraceptive Coverage Act)
- Kodifye Roe v. Wade nan Lwa ak Konstitisyon Eta a
- Fè li pi Fasil pou Jwenn Sèvis IVF ak Prezèvasyon Fètilite
- Lanse Efò ant Plizyè Ajans pou Konbat Depresyon Matènèl
- Mete sou Pye Konsèy Revizyon Mòtalite Matènèl la (Maternal Mortality Review Board) pou Sove Lavi
- Ajoute Ekspè nan domèn Sante Fanm ak Inegalite onivo Lasante osen Komisyon Medsin Leta a (State Board of Medicine)

Sekirite

- Pase Amanman Dwa Egal Ego an
- Retire Tout Zam a fe nan Men Agresè Domestik yo
- Mete yon Bout nan Eksplwatasyon Seksyèl ak Pònografi Revanj yo
- Pwolonje Prezèvasyon Twous Mediko-Legal pou Kadèjak nan Lopital yo
- Lejislasyon an pral Etann Pwoteksyon Lwa Dwa Imen yo nan Tout Lekòl Piblik Atravè Tout Eta

Espas Travay

- Konbat Asèlman Seksyèl nan Travay
- Mande Fon Retrèt Komen Eta New York lan pou Envesti nan Konpayi yo ki gen Lidèchip Fanm ak Minorite yo
- Retounen Otorize Pwojè Lwa Pwogram MWBE a epi Elaji Pwogram MWBE an nan Tout Kontra ke Eta a Finanse yo
- Ogmante Kantite Fanm ki nan Komite Eta yo
- Mete sou pye Bous d Etid “Women Lead Fellowship” pou Fanm nan Gouvènman
- Sispann Inegalite Salè ant De Sèks yo
- Ankadre Fanm k ap Retounen oswa Avanse osen Fòs Travay la
- Emansipe Biznis ki gen Fanm alatèt yo grasa Etap pou Sispann Inegalite onivo Finansman
- Etabli Eta New York kòm yon Anplwayè Modèl pou Paran k ap Travay

Ti Fi

- Pou Sispann Inegalite onivo Sèks, Bay Elèv ki Pi Piti yo Aksè a Syans avèk Enjenyeri Enfòmasyon
- Lanse “Si W ka Imajine li, ou ka Kreye li” (“If You Can See It You Can Be It”), Yon Jounen pou Ti Fi wè Kisa ki Posib
- Kontinye Pwogram Ankadremen Asiksè Eta New York la (New York State Mentoring Program)
- Kreye Modil Aprantisaj “Be Aware-Be Informed” pou Emansipe Jèn Moun pou yo Fòme Relasyon Sen
- Asire Aksè a Pwodwi pou Règ nan Lekòl Leta yo

Fanmi

- Envesti 25 Milyon dola pou Ogmante Pwogram Vital Preskolè e Apre Lekòl
- Kontinye Orgmantasyon Kredi Fiskal pou Timoun Klas Mwayèn nan
- Etabli Fòs Entèkansyon pou Disponibilite Swen pou Timoun yo (Child Care Availability Task Force)
- Asire Aksè Egal Ego a Estasyon pou Chanje Kouchèt nan Estasyon Twalèt Piblik yo
- Aplike Politik sou Konje Familyal Ki Peye ki Pi Global nan Nasyon an

Manm Kongrè Louise Slaughter te deklare, “Soti depi nan konvansyon Seneca Falls lan pou rive nan fanm ki ap sekirize dwa pou yo vote twa ane anvan rès nasyon an, New York te pran devan pou dwa fanm yo. Mwen te batay pandan tout karyè mwen sou eritaj sa epi mwen fyè pou mwen wè eta nou an ki ap kontinye defann politik ki ap ede ekilibre tèren jwèt lan pou tout fanm”.

Manm Kongrè Eliot Engel te deklare, “Fanm yo ka ap sibi atak Repibliken yo ki nan Washington, men isit la nan New York nou konprann jan li enpòtan pou nou pwoteje dwa ak sante fanm yo. Yon lòt fwa ankò, Empire State ap pran yon wòl lidèchip. Mwen

aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li dirije rapò enpòtan sa, epi mwen pral kontinye batay kont kalandriye regresif ki kont fanm yo ke GOP a genyen nan DC”.

Manm Kongrè Nita M. Lowey te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ansanm ak administrasyon li an poutèt yo pran mezi enpòtan sa pou asire respè, dwa egal ego, ak opòtinite egal ego pou fanm ak fi New York yo. Nasyon nou an nan yon moman istorik nan batay kont asèlman ak diskriminasyon, epi nou tout gen yon responsabiltè pou nou leve kanpe kont abi sa yo epi pote chanjman konsiderab. Soti depi nan swen timoun ak lekòl anvan matènèl yo pou rive nan pwogram apre lekòl yo, edikasyon STEM pou rive nan swen sante repwodiktif, nouvo kalandriye sa ap envesti nan lavi fanm ak fi yo, kontinye bay yo pouvwa”.

Manm Kongrè José E. Serrano te deklare, “Nan istwa a, nou te temwen kèk nan avansman ki pi konsiderab yo nan batay pou dwa fanm yo nan New York. Kalandriye Dwa Fanm ke Gouvènè Cuomo genyen pou 2018 lan li pral ajoute sou eritaj sa pou kontinye fè pwogrè nan ane ki gen pou vini yo. Mwen fyè pou mwen andose kalandriye sa epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li sou pwoblèm politik enpòtan sa yo”.

Manm Kongrè Jerrold Nadler te deklare, “Lè nou konsidere kalandriye òrib kont fanm yo ke Trump genyen ak meprizans san pitye li pou fanm yo ke l’ap montre chak jou nan Washington, nou dwe non sèlman leve vwa nou epi konbat, men tou nou dwe travay pou fè eta yo vin tounen pwotektè dwa fanm yo. Mwen aplodi efò Gouvènè Cuomo yo pou kapab ranpli vid sa ak alafwa Konsèy sou Fanm ak Fi yo ak Kalandriye 2018 li an. Mwen ankouraje lidè lejislatif Eta New York yo pou yo aji rapidman pou kapab adopte pwopozisyon sa yo epi asire ke yo pwoteje fanm New York yo kont ekstremis ki nan Washington yo, epi ke New York sou devan sèn lan nan fè vanse dwa egal ego yo ak egalite opòtinite pou tout moun”.

Manm Kongrè Carolyn B. Maloney te deklare, “Mèsi a Gouvènè Cuomo poutèt devouman li anvè fanm ak fi yo. Mwen espere kontinye travay ansanm avèk li pou kontinye fè vanse egalite pou fanm yo”.

Manm Kongrè Nydia M. Velázquez te deklare, “Mwen fyè pou mwen kanpe bò kote pwopozisyon inovatif sa yo ki pral ede fè vanse pwojè yo nan amelyore lavi fanm yo nan prèske tout domèn yo. Fè pwogrè pou fanm yo dwe se yon priyotite nan tout nivo gouvènman yo epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li sou dosye sa”.

Manm Kongrè Gregory W. Meeks te di, “Istorikman, New York te mennen nan nasyon an nan bay fanm yo pouvwa. Politik ke Gouvènè an te prezante yo pral asire ke New York kontinye ak eritaj sa, epi mwen pral fè patenarya ansanm avèk li ak lòt moun ki nan batay pou egalite sèks yo. Nou p’ap repoze jiskaske fanm yo finalman resevwa egalite total ke yo merite nan gwo eta nou an ak nenpòt lòt kote”.

Manm Kongrè Joe Crowley te di, “Gouvènè Cuomo ap pote flanbo tradisyon fyè ke New York genyen nan batay pou dwa fanm yo. Lè li konsantre sou sante fanm yo ak nesite fanmi ki ap travay yo, inisyativ Gouvènè an pral fè vanse grandman batay pou egalite an”.

Manm Kongrè Brian Higgins te deklare, “Politik ki ap pwomouvwa dwa egal ego ak avansman fanm ak fanmi yo ap leve kominote nou an, kreye opòtinite, epi poze fondasyon pou yon pi bon avni pou tout moun”.

Manm Kongrè Yvette D. Clarke te deklare, “An Janvye, Gouvènè Cuomo te lanse premye Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan New York depi toutan ki ap kontinye ak eritaj ilistratif epi ki la depi lontan nan Eta nou an nan pran devan pou fè vanse dwa fanm yo. Antan ke Ko-prezidan Komite Elektoral Kongresyonèl sou Fanm ak Fi Nwa yo (Congressional Caucus on Black Women and Girls), mwen konnen dirèktman nesite ki genyen pou devlope politik piblik ki ap redwi inegalite ke fanm ak fi yo konn eksperimente nan nasyon sa. Patikilyèman, Komite Elektoral lan ap travay pou elimine baryè kont reyisit pou fanm nwa yo, yon domèn ki gen gwo enpòtans pou mwen menm ak Gouvènè an. Gouvènè an ansanm ak mwen nou rete angaje nan ogmante dwa fanm ak fi yo, epi mwen espere travay ansanm avèk li sou pwoblèm sa ak lòt pwoblèm enpòtan ke moun New York yo ap fè fas a yo”.

Manm Kongrè Paul Tonko te deklare, “Amerik ap reyalize finalman ke lè yo bay fanm yo pozisyon egal ego ak yon chans ki jis pou jwenn reyisit, nou tout ap benefisye. Travay, vizyon ak lidèchip yo te pwopilse eta ak nasyon nou an devan nan fondman nou yo, sepandan fanm yo toujou twò souvan sijè a kapris ak jijman sosyal opresif yo ki fèt sou yo pa gason ki pwisan yo ak dinamik kiltirèl seksis yo. Fè mye pa sèlman vle di retire difikilte ak baryè enjistifye ki sou wout yo, menm tou sa vle di ouvri pòt pou yo epi mete nechèl opòtinite ki pa pral janm fè diskriminasyon ankò sou baz sèks, seksyalite oswa nenpòt lòt aspè idantite yon moun. Mwen fyè pou mwen kanpe bò kote Gouvènè Cuomo pou sipòte dwa fanm yo ak opòtinite egal ego pou tout moun”.

Manm Kongrè Hakeem Jeffries te deklare, “Kounye a plis ke jamè nou dwe rete vijilan nan pwoteje pwogrè ke fanm yo te fè nan sosyete nou an. Nou pa ka fè bak kounye a. Nou ta dwe felisite Gouvènè Cuomo ansanm ak tout moun ki te enplike yo pou lidèchip yo nan efò enpòtan sa”.

Manm Kongrè Sean Patrick Maloney te deklare, “Amerik bay pi bon rezilta lè tout moun jwen yon chans ki jis - tout fanm yo ta dwe gen menm opòtinite ke gason yo genyen, epi sa vle di mete bout nan diferans salaryal ki baze sou sèks, konbat asèlman seksyèl, epi mete sou kontwòl depans pou swen timoun yo. Mwen kontan dèske Gouvènè a pran sa seryezman epi li pataje angajman mwen nan ekilibre tèren jwèt lan pou tout Ameriken kèlkeswa sèks yo”.

Manm Kongrè Grace Meng te deklare, “Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap kontinye pran devan nan fè vanse egalite pou fanm yo. Mwen fyè pou mwen sipòte Kalandriye Fanm ke gouvènè an genyen, epi an patikilye, mwen aplodi efò li yo pou asire aksè a pwodwi ijyenik manstriyèl yo nan lekòl piblik yo, yon pwoblèm ke mwen te fyè pou mwen defann nan Kongrè a. Mwen aplodi tou inisyativ li yo sou konje famiyal ki peye yo, retire zam nan men moun ki ap komèt abi domestik yo, epi konbat asèlman seksyèl nan espas travay yo. Mwen espere wè pwopozisyon Gouvènè an yo ki ap vanse devan, epi travay ansanm avèk li pou kreye plis opòtinite pou fanm yo kapab reyisi atravè eta nou an”.

Manm Kongrè Kathleen Rice te deklare, “Kalandriye Fanm Gouvènè Cuomo an li ap ofri pwopozisyon ki enteresan ak solisyon global reyèl ki pral benefisye a fanm ak fi yo nan chak etap ak nan chak aspè nan lavi nou. Mwen fyè dèske New York kontinye mennen nan peyi an nan batay pou pwogrè ak egalite”.

Manm Kongrè Adriano Espaillat te deklare, “Rapò sou Kondisyon Fanm ak Fi nan New York yo: Pèspèktiv 2018 lan kenbe sou devan sèn lan nesesite kritik pou prezève aksè a swen sante repwodiktif, ekspoze plis jèn fi a edikasyon STEM yo, epi mete fen nan vyolans domestik yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo ansanm ak Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York lan poutèt inisyativ inovatif enteresan sa pou fè vanse pi plis egalite nan espas travay yo, pwomouvwa peman egal, epi konble vid ki baze sou sèks nan endistri ak sektè yo atravè eta a. Kalandriye Fanm yo pou New York: Kalandriye Dwa Egal Ego, Opòtinite Egal Ego an li te reyisi mete efò ki pral ede nou fè vanse dwa fanm yo epi asire ekite ak egalite nan tout aspè lavi yo”.

Manm Kongrè Thomas Suozzi te deklare, “Li toujou esansyèl pou ke nou trete tout fanm yo ak jistis, egalite ak diyite ke yo merite, epi mwen fyè pou mwen kanpe ansanm ak kòlèg mwen yo ak tout moun New York yo pou sipòte Kalandriye Fanm ke Gouvènè an genyen pou New York”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)